



Pou Piblikasyon Imedya: 30/03/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE DISPONIBILITE 2.2 MILYON DOLA POU KÈK
PWOGRAM POU KONEKTE NOUYÒKÈ YO AK SÈVIS ADIKSYON YO**

*Inisyativ '[Koneksyon ak Swen an](#)' fèt pou konekte Ppopilasyon ki pa jwenn ase
sèvis yo ak sèvis ak Sipò enpòtan pou adiksyon*

Se Dènye Sibvansyon yo Bay Atravè Fon Règleman Opyoyid Eta New York la

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a disponiblite 2.2 milyon dola atravè Fon Règleman Opyoyid Eta a pou ede konekte Nouyòkè vilnerab yo ak sèvis adiksyon ak lòt sipò enpòtan yo. Administrè pa Biwo Eta New York pou Sèvis ak Sipò pou Adiksyon an (Office of Addiction Services and Supports, OASAS), inisyativ "Koneksyon ak Swen" an ki administrè pa Biwo Sèvis ak Sipò Adiksyon Eta a pral bay jiska 11 sibvansyon pou founisè ki elijib yo pou konekte moun ki nan popilasyon ki gen gwo bezwen yo epi ki pa jwenn ase sèvis yo ak sèvis ki pral sipòte rekiperasyon maladi itilizasyon sibstans alontèm ak byennèt an jeneral.

"Fè yon pati nan apwòch global nou an pou epidemi adiksyon ak dòz eksèsif la se asire ke tout Nouyòkè k ap lite pwoblèm itilizasyon sibstans gen aksè ak sèvis enpòtan ki ka sipòte yo sou chemen rekiperasyon an", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Sibvansyon sa yo pral ede konble diferans ki genyen ant moun ki nan popilasyon ki pi vilnerab ak popilasyon majinalize nou yo ak sèvis pou sove lavi yo ki ka ede yo simonte adiksyon."

Komisè OASAS, Chinazo Cunningham, te deklare, "Nou kontinye konsantre sou rive jwenn moun ki gen gwo bezwen yo, ki se moun ki ka fè fas ak ogmante baryè pou jwenn aksè ak swen pou adiksyon. Finansman sa a pral pèmèt nou pi byen konekte yo ak sèvis medikal konplè pou sipòte sante ak byennèt jeneral yo, epitou lyen yo ak lòt sèvis ki enpòtan anpil pou rekiperasyon an."

The inisyativ pral bay jiska 11 prim ki gen 200,000 dola pou sipòte rediksyon domaj, sèvis sante fizik ak konpòtmantal, ansanm ak lòt sipò, tankou koneksyon ak transpò, pwogram lojman sipò, ak sèvis legal. Yo ka bay sèvis atravè inisyativ sa a pa kamarad, administratè ka yo, oswa anplwaye klinik yo, swa atravè telesante oswa an pèsòn.

Popilasyon yo sible pou sèvis sa yo gen ladan fanm ansent oswa apre akouchman; jèn ki nan tranzisyon oswa moun ki gen ant 18 ak 25 ane; moun ki gen 55 ane oswa plis; ak

moun yo dyagnostike oswa yo sispèk yo gen yon blezi twomatiz nan sèvo oswa yon andikap devlopmanal. Sèvis yo vize tou pou ede moun ki retounen nan kominote a ki soti nan priwon ak moun k ap tranzisyone pou soti nan sèvis estabilizasyon ak retrè oswa sèvis reyabilitasyon pou pasyan ki entène yo.

Y ap bay finansman atravè yon pwosesis demann pou aplikasyon Detay elijiblite yo dekri nan [demann pou aplikasyon yo](#).

Komisè Biwo Sante Mantal Eta, Doktè Ann Sullivan, te deklare, "Konekte moun ki gen pwoblèm sante mantal ak itilizasyon sibstans ak sèvis yo absoliman enpòtan, espesyalman pou moun ki nan rejyon ki gen gwo bezwen ak moun ki pa jwenn ase sèvis yo. Finansman sa a, ak koneksyon ak swen yo sipòte yo, pral ede elimine obstak nan swen sante pou plis moun ka jwenn tretman ak sèvis yo bezwen pou fè wout yo sou wout rekiperasyon an."

Eta New York pral resevwa plis pase 2 milya dola atravè divès kalite akò règleman avèk fabrikan opyoyid yo ak konpayi famasetik yo ke Pwokirè Jeneral Letitia James te garanti. Yon pati finansman ki soti nan règleman sa yo pral dirèkteman nan minisipalite yo, epi y ap depoze rès la nan yon fon dedye pou sipòte prevansyon, tretman, rediksyon domaj, ak efò rekiperasyon pou adrese epidemi opyoyid aktyèl la.

Menm lejislasyon an ki te etabli fon dedye a te kreye tou Komite Konsiltatif Fon Règleman Opyoyid la, ki gen responsablite pou l fè rekòmandasyon sou fason yo ta dwe asiyen lajan règleman an pou pi byen sèvi moun ki nan bezwen yo. Manm konsèy yo te bay premye rekòmandasyon yo nan 1 novanm 2022, yo te idantifye ekspansyon sèvis rediksyon ak tretman domaj kòm pi gwo priorite yo.

Eta New York te mete sou pye yon apwòch agresif, ki gen plizyè branch pou rezoud epidemi dòz eksèsif la, epi li te kreye yon seri swen nasyonal pou adiksyon ak sèvis konplè prevansyon, tretman, retablisman ak rediksyon domaj. Eta a te travay pou agrandi aksè nan sèvis tradisyonèl yo, ki genyen ladan yo pwogram sèvis kriz, pasyan ki entène, pasyan ekstèn, ak pwogram tretman rezidansyèl, ansanm ak medikaman pou tretman adiksyon, epi tretman mobil ak sèvis transpò.

Gouvènè Hochul te yon manm Gwoup Travay sou Ewoyin ak Opyoyid nan Eta New York (NYS Heroin and Opioid Task Force) la ki, an 2016, te rekòmande nouvo sèvis ki pa tradisyonèl, ki genyen ladan yo sant retablisman yo, paviyon pou jèn yo, agrandi sèvis konpayon yo, ak sant aksè lib yo, k ap bay evalyasyon ak referans pou swen imedya. Depi lè sa, yo te etabli sèvis sa yo nan divès kominote ozalantou Eta a, epi yo te ede moun ki nan bezwen yo jwenn aksè nan swen ki pi pre kote y ap viv la.

OASAS sipèvize youn nan pi gwo sistèm swen pou twoub itilizasyon sibstans nan peyi a ak anviwon 1,700 pwogram prevansyon, tretman, ak rekiperasyon k ap sèvi plis pase 731,000 moun chak ane. Sa gen ladan l operasyon dirèk 12 sant tretman kont adiksyon kote doktè, enfimyè ak anplwaye klinik yo bay anviwon 8,000 moun pa ane sèvis pou pasyan ki entène ak sèvis rezidansyèl.

Nouyòkè yo ki gen difikilte avèk yon adiksyon, oswa yon pwòch ki gen difikilte, ka jwenn èd ak lespwa lè yo rele liy telefòn gratis Eta a, HOPEline 24 èdtan, 7 jou pa semèn nan 1-877-8-HOPENY (1-877-846-7369) oswa lè ou voye tèks HOPENY (Kòd Kout 467369).

N ap jwenn tretman pou adiksyon ki disponib yo gen ladan swen pou kriz/dezentoksikasyon, swen malad ki entène yo, swen rezidansyèl, oswa swen pou pasyan ekstèn, lè nou itilize Tablodbò Disponibilite Tretman OASAS la nan [FindAddictionTreatment.ny.gov](https://www.findaddictiontreatment.ny.gov) oswa atravè [sitwèb OASAS la](https://www.oasas.ny.gov).

Si oumenm, oswa yon pwòch ou, te eksperimante obstak nan asirans ki gen rapò ak tretman oswa bezwen pou ede depoze yon apèl pou yon reklamasyon yo te refize, kontakte liy èd CHAMP an pa telefòn nan 888-614-5400 oswa pa imèl nan ombuds@oasas.ny.gov.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418